

**PIWULANG MORAL ING NOVEL "MENDHUNG KESAPUT ANGIN"  
ANGGITANIPUN AG SUHARTI**

*E-JOURNAL*

Dipunajengaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Kangge Njangkepi Salah Satunggaling Sarat  
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



dening  
Oppie Fadlilah Arumimbang  
NIM 14205241061

Yogyakarta, 15 Mei 2018

Pembimbing,

Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum  
NIP. 196210081988032001

Yogyakarta, 15 Mei 2018

Ketua Jurusan  
Pendidikan Bahasa Daerah

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum  
NIP 196404031990011004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## PIWULANG MORAL ING NOVEL MENDHUNG KESAPUT ANGIN ANGGITANIPUN AG SUHARTI

Dening Oppie Fadlilah Arumimbang  
NIM 14205241061

### SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken *nilai* piwulang *moral* saha cara ngandharaken *nilai* piwulang *moral* ing *novel Mendhung Kesaput Angin* anggitanipun Ag Suharti. Cara ngandharaken *nilai* piwulang *moral* ing panaliten menika karembag kanthi cara langsung saha boten langsung. Cara langsung utawi *eksplisit* inggih menika pangripta paring piwulang *moral* dhateng pamaos awujud *deskripsi* watak paraga, gineman paraga, amanat langsung saha boten langsung saking cariyos. Cara boten langsung inggih menika dipunlampahi kanthi *simbolik* saha *implisit* utawi *tersirat*. Pangripta ngandharaken piwulang *moral* boten kanthi cara gampil dipunmangretosi utawi *vulgar*.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten menika awujud tembung, ukara, saha *paragraf-paragraf*. Sumber *data*-nipun *novel Mendhung Kesaput Angin* ingkang kaangit dening Ag Suharti. Cara manggihaken *data* menika kanthi teknik maos, nemtokaken *unit analisis* saha panyeratan *data*. *Unit data* dipunperang-perang kanthi trep kaliyan ingkang dipunbetahaken ing panaliten inggih menika jinising piwulang *moral* saha caranipun ngandharaken piwulang *moral*. *Data-data* ingkang gadhah gayutan kaliyan *konteks* piwulang *moral* lajeng dipunserat wonten ing kertu *data*. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken saha dipunserat, dipunperang trep kaliyan piwulang *moral*. *Data* asiling pamilahan kalawau lajeng dipunperang miturut *nilai-nilai* piwulang *moral* lajeng dipunlebetaken wonten ing *tabel*.

Ing panaliten menika dipunpangguhaken 88 *nilai* piwulang *moral*. *Nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan Gusti ingkang Maha Kuwaos (Memuji dhumateng Gusti, Tansah sukur dhumateng Gusti, Pasrah dhumateng takdiring Gusti, Pasrah dhumateng Kuwaosipun Gusti, Pitados dhumateng Kuwaosipun Gusti), sambetipun manungsa kaliyan sesami (tetulung dhateng sesami kanthi eklas, *Empati*, Raos welas asih dhateng tiyang sepuh, Setya dhateng setunggal wanodya, Setya dhateng garwa, Nyuwun pangaksama menawi lepat, Tanggel jawab marang tumindakipun, Rumah tangga kajagi karukunanipun, Bakti dhumateng tiyang sepuh, biyantu tiyang sepuh, Tresna dhateng mantu, Tresna dhateng setunggal priya, Ngutamakaken kapentingan tiyang sanes), saha sambetipun manungsa kaliyan dhiri pribadi (Ngakeni tumindakipun lepat, Ngati-ati, Nyambut damel kanthi satuhu, Eklas, Sabar nalika diparingi pacoban, Blaka dhumateng sinten kemawon, Wanadya kedah kiyat nalika ditinggal garwa, Kawin paksa nuwuhaken rumah tangga ingkang boten lestantun).

## PIWULANG MORAL ING NOVEL MENDHUNG KESAPUT ANGIN ANGGITANIPUN AG SUHARTI

**Oppie Fadlilah Arumimbang**  
**NIM 14205241061**

### **ABSTRACT**

*This research has a purpose to convey the mandate and how to deliver the mandate of Mendhung Kesapat Angin novel by Ag.Suharti. how to convey the message in this research is by direct and indirect way. The direct or explicit way is the authors convey the message with the form of description figures, and dialogue of the story. The indirect way is expressed symbolically and implicitly or implied. Submission of the message is not readily understood or vulgar.*

*This research includes descriptive research. The data in this research are words, sentences, and paragraphs. Data source from Mendhung novel Kesapat Angin by Ag. How to find data that is by reading, determine the unit of analysis, and write data. The data unit is divided into the mandate and the way of delivering the message. The data related to the context of the message are written in the data card. The resulted data is subdivided according to the value of the message and written in the table.*

*In this study found 88 values of trust. The value of a human-related mandate to God Almighty (Praying to God, thanking God, Resigning to God's destiny, Resigning to God's power, believing in God), human relationships with others (mutual help, empathy, compassion for parents, to one woman, faithful to one man, giving priority to others), human relationship with self (admit mistake, caution, hard effort, sincerity, patience when given a trial, honestly, woman must be strong when left husband, cultivate unsustainable households).*

#### **A. PURWAKA**

*Globalisasi* bekta pangaribawa dhateng bangsa Indonesia. Pangaribawa ingkang boten sae saged mlebet saha dipuntampi kanthi gampil dhumateng Indonesia. Pangaribawa saking *globalisasi* boten sadaya ingkang boten sae. Bangsa

Indonesia kedah pinter milih ingkang saged dipuntampi dhateng bangsa ananging boten ngikis kabudayan Indonesia.

Salah satunggaling sarana kangge mucalaken piwulang *moral* inggih menika kanthi ngginakaken *karya sastra*. *Sastra* dipunginakaken kangge ngandharaken gambaran

dhumateng pamaos babagan pagesangan wonten ing masarakat antawisipun masarakat Jawi. *Karya sastra* ingkang ngawrat piwulang moral salah satunggalipun inggih menika *novel*.

Miturut Nurgiyantoro (2013: 11), *novel* inggih menika salah satunggaling wujud *karya sastra* ingkang dipunsebut *fiksi*. Salah satunggaling *karya sastra* ingkang ngawrat piwulang inggih menika *novel* kanthi irah-irahan “Mendhung Kesaput Angin” anggitanipun Ag Suharti. *Novel* menika nggambaraken reroncen lampahipun salah satunggaling kenya inggih menika Kadarwati.

Kanthi ningali dhasaring panaliten wonten ing nginggil punika, saged dipunpendhet dudutan underaning perkawis, inggih menika

1. Piwulang moral ingkang wonten ing *novel* Mendhung Kesaput Angin anggitanipun AG Suharti.
2. Jinising piwulang moral ingkang wonten ing *novel* Mendhung Kesaput Angin anggitanipun AG Suharti.
3. Caranipun ngandharaken piwulang moral ingkang wonten

ing *novel* Mendhung Kesaput Angin anggitanipun AG Suharti.

## B. GEGARAN TEORI

1. Miturut Hardjana (1983:13) *sastra* menika minangka pralambang masarakat ingkang dipuntilaraken saking satunggal *generasi* dhateng *generasi* salajengipun. Paedahing *karya sastra* menika boten namung minangka piwulang ingkang limrah, nanging ugi ingkang sipatipun piwulang *moral* utawi *budi pekerti* ingkang gayut kaliyan unsur *religi, etika, saha sosial*. Djojuroto (2006:17) ngandharakan bilih *karya sastra* inggih menika *refleksi* panganggit ngengingi bab gesang bebrayan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan daya *imajinasi* lan *kreasi* ingkang dipunjung dening pengalaman pagesangan.
2. Miturut Wiyatmi (2006:29) *teks naratif* ingkang bentuk-ipun *novel (roman)* saha cerkak ngrembaka saha kathah ingkang remen. Sejarah *sastra* wonten ing Indonesia dipunwiwiti saking jinis *sastra* menika,

kados ta *novel-novel* ingkang terbit saking Balai Pustaka utawi saderengipun. *Minat studi sastra* jumbuhipun kaliyan *teks naratif* ugi ageng, buktinipun inggih menika lair teori *sastra* ingkang ngrembag *teks naratif* utawi saged dipunsebut *naratologi*.

3. Tembung *moral* saking basa Latin *mos* saha *mores*. *Mos* menika wujud tunggal, *mores* menika wujud jamak ingkang tegesipun adat kabiasaan (Endah, 2008:2). Piwulang *moral* kadhapuk saking tembung piwulang saha moral. Piwulang inggih menika pitutur, wewarah, pangajaran (Poerwadarminta. 1939: 495). Suseno (1988: 204), *moral* inggih menika salah satunggaling perangan *etika*. Miturut De Vos (1987: 73), *moral* menika boten namung gayut antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun. Ananging, *moral* menika ugi gayut kaliyan tumindakipun manungsa dhumateng Gusti, manungsa dhateng alam donya utawi *lingkungan*, saha

manungsa dhateng piyambakipun.

### C. CARA PANALITEN

Panaliten ingkang inggih menika ngginakaken jinis panaliten *deskriptif*. Data panaliten inggih menika awujud *teks* cariyos ingkang wonten ing *novel* “*Mendhung Kesaput Angin*”.

Cara ngempalaken *data* inggih menika, sumber *data* dipunwaos kanthi taliti saha dipunpilah kaliyan *konteks* panaliten. Inggih dipuntegesi *unit analisis* wonten ing panaliten menika awujud *unit-unit data*. *Unit-unit data* awujud tembung, ukara, saha paragraf.

Endraswara (2011:103) ngandharaken bilih *data* ingkang sampun cumawis saha kathah menika boten *terstruktur*, pramila panaliti prelu ngempalaken *data* ngginakaken kertu-kertu alit.

*Data-data* ingkang gadhah gayutan kaliyan *konteks* piwulang *moral* lajeng dipunserat wonten ing kertu *data* ingkang sampun dipunsamektakaken.

Pirantosing panaliten ingkang dipunginakaken inggih

menika *human instrument* utawi panaliti piyambak. Caranipun nganalisis *data* menika ngginakaken *analisis data deskriptif*. Lajeng *data* dipun-*analisis nilai moral*-ipun saha cara ngandharaken piwulang *moral*-ipun. Lajeng dipunparingi katrangan kaca ingkang ngawrat *data*-nipun.

#### D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

##### 1. Asiling Panaliten

Piwulang *moral* antawisipun dhumateng Gusti, dhumateng sesami, dhateng dhiri pribadhi saha cara ngandharaken.

##### 2. Pirembagan

###### a. Wujud Piwulang Moral

Wujud piwulang *moral* wonten ing panaliten menika dipunperang dados 4: (a) *Nilai-nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan Gusti Inkang Maha Kuwaos. (b) *Nilai-nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan sesami. (c) *Nilai-nilai* piwulang *moral* sambetipun manungsa kaliyan pribadi.

###### a) *Nilai-nilai piwulang moral sambetipun manungsa kaliyan Gusti Inkang Maha Kuwaos.*

##### 1) Memuji Dhumateng Gusti

**Muga-muga** dheweke tansah diparingi eling, bisa nanggulangi sakabehing godha rencana (Suharti, Ag, 1980:30).

Panganggit nyerat tembung “muga-muga” tegesipun panyerat memuji dhumateng Gusti supados Kadarwati tansah dipunparingi eling, saged nanggulangi sedaya godha rencana, saha ampun ngantos kajlungup wonten ing juranging kanisthan saha kawirangan. Cara ngandharakenipun langsung.

##### 2) Tansah Sukur Dhumateng Gusti

**Kadarwati muji sukur marang Pangeran, dene salawase iki dheweke diparingi slamet, ora nemoni aral sawiji apa.** (Suharti, Ag, 1980:77).

Saking ukara “Kadarwati muji sukur marang Pangeran” menika tandha bilih salah satunggaling piwulang *moral* tansah sukur dhumateng Gusti. Cara ngandharaken piwulang *moral* kanthi cara langsung.

### 3) Pasrah Dhumateng Takdiring Gusti Ingkang Sampun Ginaris

Wis ora ana pilihan liya maneh, kajaba kudu gelem nrima ing takdir lan sabanjure nindakake kuwajibane, kaya dene lumrahe sawijining wanita, bekti lan setya tuhu marang kakung (Suharti, Ag,1980: 17).

Saking ukara “Wis ora ana pilihan liya maneh, kajaba kudu gelem nrima ing takdir” menika nuwuhaken piwulang moral pasrah dhumateng takdiring Gusti. Cara ngandharakenipun kanthi cara langsung.

### 4) Pasrah Dhumateng Kuwaosing Gusti

Wasana dheweke mung pasrah marang Kuwaose Pangeran. (Suharti, Ag, 1980: 91).

Saking ukara “Wasana dheweke mung pasrah marang Kuwaose Pangeran” menika nuwuhaken piwulang moral pasrah dhumateng kuwaosing Gusti. Cara ngandharakenipun kanthi cara langsung.

### 5) Pitados Dhumateng Gusti

Kaanan kang sepi suwung, langit sawegung kang ora winates, ngatonake keagugane Pangeran. Manungsa iki satemene mung titah kang tanpa daya, tanpa teges babar pisan, kang ora bisa tumindak apa-apa tanpa sih kanugrahan Sang Maha Pencipta (Suharti, Ag,1980:79).

Saking ukara ing nginggil menika nuwuhaken piwulang moral pitados dhumateng Gusti. Cara ngandharakenipun piwulang moral kanthi cara boten langsung.

#### b) Nilai-nilai piwulang moral sambetipun manungsa kaliyan sesami.

##### 1) Tetulung dhateng Sesami kanthi Eklas

Sajem nyuwun idin bendarane, arep nembung nunut marang salah sijining wong kang duwe grobag. Wong kang duwe grobag ora kabotan dinunuti (Suharti,Ag,1980:76).

Ukara “Wong kang duwe grobag ora kabotan dinunuti” menika wujud saking piwulang moral tetulung dhateng sesami

kanthi eklas. Cara ngandharakenipun kanthi cara langsung.

## 2) *Empati*

**Kowe isih katon pucet, mbok manawa laramu durung mari babar pisan. Apa sirahmu isih ngrasa ngelu?** Pitakone Sumadi kebak kawigaten karo banjur ngadeg, mbrukutake mantel kang dianggo Kadarwati (Suharti, Ag, 1980:12).

Sumadi tansah migatosakengarwanipun amargi pasuryanipun katon pucet. Saking kawontenanipun Kadarwati ingkang pucet menika nuwuhaken raos empati saking Sumadi. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

## 3) **Raos Welas Asih dhumateng Tiyang Sepuh**

**Bu, Bapak arep mlebu, mesake Bapak terus ana njaba, lan bocah mau banjur mbukak lawange** (Suharti, Ag, 1980: 58).

Tembung “mesake” menika wujud piwulang moral raos welas asih dhumateng tiyang sepuh. Cara

ngandharaken piwulang moralipun kanthi cara langsung.

## 4) **Setya Dhateng Satunggal Wanodya**

**Ah, nek kula pun tepung kalih lare siji niki, kula nggih pun mboten kepengin ajeng tepung kalih sinten-sinten malih** (Suharti, Ag, 1980: 16).

Ukara ing nginggil menika wujud saking piwulang moral setya dhateng setunggal wanodya. Cara ngandharaken piwulang moral menika kanthi cara langsung.

## 5) **Setya dhateng Setunggal Priya**

**Kadarwati ora tau nglirwakake jejere wanita, kang kudu ngudi gawe mareme kakung** (Suharti, Ag, 1980:21-22).

Ukara “kedah ndamel remen kakung” menika tandha saking piwulang *moral* setya dhateng setunggal priya. Cara ngandharaken piwulang *moral* menika kanthi cara langsung.

## 6) **Nyuwun Pangaksama Menawi Lepat**

**Nyuwun pangapunten lho, Jeng. Listyo anggenipun lajeng**



**kaduk kirang dedugi** (Suharti, Ag,1980: 26).

Tandha bilih *narasi* ing nginggil menika ngawrat piwulang *moral* nyuwun pangaksama menawi lepat inggih menika saking ukara “nyuwun pangapunten lho,Jeng”. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

#### 7) Tanggel Jawab Dhateng Tumindakipun

Mangka kaanane wis mepet, **kudu gelem tanggung jawab marang Partiningsih, Sulistyo kapeksa ngijabi kenya mau** (Suharti,Ag,1980: 63).

Ukara “kudu gelem tanggung jawab marang Partiningsih” menika wujud saking piwulang *moral* tanggel jawab. Cara ngadharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

#### 8) Rumah Tangga Kedah Kajagi Karukunanipun

**Pancen ideal, yen wong sesomahan bisa atut rukun nganti tuwa.** (Suharti,Ag,1980:70).

Cara ngandharaken piwulang moral menika kanthi cara langsung.

#### 9) Bekti Dhumateng Tiyang Sepuh

**Pijeti Sat pa, Bu, ben ngelune terus mari?** (Suharti, Ag,1980:40).

Wujud saking piwulang *moral* bekti dhumateng tiyang sepuh menika wonten ing ukara “Pijeti Sat pa, Bu” tumindak menika salah satunggaling wujud bektinipun putra dhumateng tiyang sepuh. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

#### 10) Mbiyantu Tiyang Sepuh

Bocah-bocah dhewe, sawise padha ana ing fakultas, padha nyambi golek hasil, **kanggo ngenthengake sesanggane ibune**, sarana padha ngajar, ana ing SMP lan SMA (Suharti,Ag,1980:101).

Ukara “kangge ngenthengake sesanggane ibune” menika wujud saking biyantu tiyang sepuh. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

#### 11) Tresna dhateng Mantu

**Ibu Soma ngelus-elus sirahe mantune kanthi pangeman-eman** (Suharti,Ag,1980: 12).

Ukara ing nginggil menika salah sawijing wujud piwulang

moral tresna dhateng mantu. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara boten langsung.

## 12) Tresna dhateng Garwa

**Kula sampun rumaos begja gadah semah ingkang tresna lan batos dhateng kula.** (Suharti, Ag, 1980:34).

Saking ukara “kula sampun rumaos begja gadah semah ingkang tresna lan batos dhateng kula” menika wujud saking piwulang *moral* tresna dhateng garwa. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

## c) *Nilai-nilai* piwulang moral sambetipun manungsa kaliyan pribadi.

### 1) Ngakeni Tumindakipun Lepat

**O, mesthi bae, tindakku marang kowe mentas iki luwih kasar banget** (Suharti, Ag, 1980:58).

Ukara “ O, mesthi bae tindakku marang kowe mentas iki luwih kasar banget” menika wujud saking piwulang *moral* ngakeni tumindakipun lepat. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

### 2) Ngati-ati

**Sat, ngati-ati lho cah bagus, aja dhuwur-dhuwur anggone menek** (Suharti, Ag, 1980:22).

Saking ukara “Sat, ngati-ati lho” negesaken bilih kedah ati-ati. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

### 3) Nyambut Damel Kanthi Satuhu

**Aku kudu nyoba dhisik, dagang menyang Jakarta iku.** (Suharti, Ag, 1980:84).

Ukara “ aku kudu nyoba dhisik, dagang menyang Jakarta” menika wujud saking piwulang *moral* nyambut damel kanthi satuhu. Cara ngandharaken piwulang moral menika kanthi cara langsung.

### 4) Eklas

**Malah aku kepengin negasake, manawa kanthi tulus ekhlasing ati, aku rila kowe dadi sisihane Mas Baskoro** (Suharti, Ag, 1980:108).

Ukara “manawa kanthi tulus ekhlasing ati” menika wujud saking piwulang *moral* eklas. Cara

ngandharaken piwulang moral menika kanthi cara langsung.

**5) Sabar Nalika Diparingi Pacoban**

**Mung aku njaluk, kowe sing sabar lan tabah nandhang urip rekasa iki** (Suharti,Ag, 1980:48).

Ukara “kowe sing sabar lan tabah nandhang urip rekasa iki” menika wujud saking piwulang *moral* sabar nalika diparingi pacoban. Cara ngandharaken piwulang moral kanthi cara langsung.

**6) Blaka Dhumateng Sinten Kemawon**

**Kadarwati kapeksa ngudhari wewadine lan blaka marang Satriyo, sapa bapakne** (Suharti,Ag,1980:102).

Ukara “blaka marang Satriyo” menika wujud saking piwulang *moral* blaka dhumateng sinten kemawon. Cara ngandharaken piwulang moral menika kanthi cara langsung.

**7) Wanodya Kedah Kiyat Nalika Ditinggal Garwa**

**Aku prasetya marang panjenengan. Bakal nggulawenthah putramu Listi, supaya dheweke bisa dadi wanita utama** (Suharti,Ag,1980:62).

Menika bukti menawi Kadarwati menika wanodya ingkang kiyat nalika dipuntilar garwa. Cara ngandharaken piwulang moralipun kanthi cara boten langsung.

**8) Kawin Paksa Nuwuhaken Rumah Tangga Ingkang Boten Lestantun**

**Sliramu karo aku sajake pancen ora bisa cocok. Ing saupama mbiyen sliramu ora tau ketemu aku, mesthine ora bakal ana lelakon kaya saiki iki** (Suharti,Ag,1980:44).

Cara ngandharaken piwulang moralipun kanthi cara boten langsung.

**E. DUDUTAN**

1. Pungkasaning panaliti nglampahi panaliten wonten *novel* “*Mendhung Kesaput Angin*” dipunpangghikaken piwulang *moral*

2. Cara ngandharaken piwulang *moral* wonten ing novel “*Mendhung Kesaput Angin*” kaperang dados 2, inggih menika cara *langsung* saha cara boten *langsung*.

#### F. KAPUSTAKAN

De Vos, H. 1987. *Pengantar Etika*. Yogyakarta : Tiara Wacana.

Djojuroto, Kinayati. 2006. *Analisis Teks Sastra dan Pengajarannya*. Yogyakarta : Pustaka.

Endah, Kuswo. 2008. *Diktat Etika Jawa*. Yogyakarta:FBS UNY.

Endraswara, Suwardi.2011.*Metode Penelitian Sosiologi Sastra*.

Yogyakarta: FBS Universitas Negeri Yogyakarta.

Hardjana, Andre. 1983. *Kritik Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B Wolters’ Uitgevers-Maatschappij N.V.

Suseno, Magnis Franz. 1988. *Etika Jawa*. Jakarta : PT. Bumi Aksara.

Wiyatmi. 2006. *Pengantar Kajian Sastra*. Yogyakarta:Pustaka.

Suharti, Ag. 1980. *Mendhung Kesaput Angin*. Jakarta: PN Balai Pustaka